



Pou Piblikasyon Imedya: 13/10/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE YO BAY 13.5 MILYON DOLA POU ETA NEW YORK
NAN KAD LWA SOU REDUIKSYON ENFLASYON FEDERAL LA POU SIPÒTE
FORESTRI IBEN AK KOMINOTÈ**

Finansman istorik pou ogmante aksè piblik ak pyebwa ak espas vèt nan kominote defavorize yo, ogmante kouvèti pyebwa iben yo, ak sipòte objektif klima agresif New York yo

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Eta New York te resevwa 13.5 milyon dola nan Pwogram Forestri Iben ak Kominotè Sèvis Forestye Depatman Agrikilti Etazini (U.S. Department of Agriculture, USDA) an. Finansman Lwa sou Reduiksyon Enflasyon (Inflation Reduction Act, IRA) Prezidan Biden lan, pwogram sibvansyon sa a fèt pou ogmante aksè ekitab ak pye bwa ak espas vèt nan forè iben ak forè kominotè pou sipòte bati yon ekonomi enèji pwòp, avanse jistis anviwònmanal, epi kreye opòtinite ekonomik.

"Forè iben ak forè kominotè New York yo jwe yon wòl trè enpòtan nan anviwònman nou an epi asire tout katye ak kominote yo gen aksè ak benefis pye bwa yo bay, tankou nan abòde menas klima k ap chanje nou an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Gras ak nivo finansman istorik sa a ki te anonse sou Prezidan Biden ak Administrasyon li a, nou franchi yon lòt gwo etap nan direksyon pou investi nan ak amelyore anviwònman nou an ak amelyore espas vèt kominote a pou pwochen jenerasyon yo."

Sekretè Agrikilti Ameriken an, Tom Vilsack, te deklare, "Pwogram sa a se yon lòt fason ankò ke Administrasyon Biden-Harris la ap investi nan Etazini epi asire ke tout moun, kèlkeswa kòd postal oswa katye yo, gen aksè ekitab ak benefis pye bwa ak espas vèt yo bay. Kit se diminye estrès chalè oswa kreye travay nan plante ak antreteni pye bwa, finansman sibvansyon sa a pral sipòte kominote lokal yo ak patnè k ap travay sou tèren an pou avanse jistis anviwònmanal nan bese enpak chanjman klimatik sou kominote ki manke kouvèti pyebwa nan espas iben yo pandan y ap bay timoun yo plis espas ki an sekirite pou jwe deyò."

Finansman enpòtan sa a pou New York fè pati yon investisman federal 1.5 milya dola nan pwojè forè iben ak kominotè yo atravè peyi a, ki gen ladan plis pase 73.5 milyon dola pou 28 pwojè forè atravè eta a ke yo ka jwenn [isit la](#). Sipò istorik sa a mete aksan sou enpòtans forè iben yo nan konbat chanjman klimatik atravè refwadisman lè, bilding,

ak pave; diminye ekoulman dlo lapli; amelyore kalite lè a; ak plis ankò. Depatman Konsèvasyon Anviwònman (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta a pral jere alokasyon 13.5 milyon dola Eta New York epi bay opòtinite sibvansyon atravè Pwogram Forestri Iben ak Kominotè Eta a.

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònman an, Basil Seggos, te deklare,

"Mwen felisite Prezidan Biden pou investisman enpòtan sa a nan anviwònman iben ak kominotè nou yo ak pou sipò kontinyèl Administrasyon Biden lan nan efò kontinyèl New York ap fè pou konbat chanjman klimatik la. Anons jodi a make pi gwo opòtinite finansman sibvansyon Eta New York pou sipòte forè iben ak forè kominotè yo epi sibvansyon sa yo pral ede amelyore sante, sekirite, ak rezistans nan kominote ki gen plis bezwen yo. Mwen ankouraje antite gouvènmantal, minisipalite yo, Nasyon Endyen yo, ak òganizasyon san bi likratif ki elijib yo pou yo patisipe nan sesyon enfòmasyon vityèl DEC k ap vini an pou aprann plis sou opòtinite istorik sa a."

Reprezantan Adriano Espaillat te deklare, "Espas vèt yo gen yon enpak imedyat sou sante ak byennèt kominote nou yo ak moun ak fanmi ki abite toupre yo. Mwen felisite Gouvènè New York la Hochul pou dènye inisyativ sa a ki alwe fon federal sa yo ke mwen te ede garanti atravè Lwa sou Rediksyon Enflasyon an pou sipòte agrandisman lokal vèt nan eta nou an. Lè nou fè sa, n ap agrandi lokal pou rekreyasyon ak plezi deyò, ankouraje fanmi yo pou yo rete aktif, epi kenbe kominote nou yo an sante."

DEC pral byento ouvri yon peryòd aplikasyon sibvansyon pou prèske 13 milyon dola nan finansman IRA a. Dis milyon dola nan sibvansyon pral sipòte Aplikasyon Plan Jesyon Forè Kominotè (Community Forest Management Plan Implementation), ak 2.9 milyon dola pral sipòte Jesyon Pye Frèn. Rès fon yo bay yo pral sipòte administrasyon sibvansyon. Pa gen okenn korespondans aplikan obligatwa pou pwogram sibvansyon federal la pou pwojè konplè yo nan kominote defavorize yo. Demann maksimòm lan se 500,000 dola pou chak aplikasyon. Yo pral anonse peryòd aplikasyon ouvè a pou opòtinite sibvansyon an nan semèn k ap vini yo.

DEC ap òganize yon sesyon enfòmasyon vityèl madi 24 oktòb 2023, soti 1è rive 2è30 p.m. pou bay enfòmasyon sou nouvo opòtinite finansman sa a pou yon tan limite pou sipòte pwojè forè iben ak kominotè yo nan kominote ki defavorize yo. Sesyon enfòmasyon an pral kouvri aplikan ak pwojè ki elijib yo, kondisyon aplikasyon ak nòt, ak lòt enfòmasyon ki pral ede aplikan yo planifye pwojè pa yo. [Enskri pou wèbinè sa isit la.](#)

Pou plis enfòmasyon sou Pwogram Forestye Iben ak Kominotè DEC a, vizite [sitwèb DEC](#) a.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)